




Etap nan Sitwayènte



Kontakte nou avèk kesyon yo nan
(617)694-5949

*Jeneral delè sèlman. Tan pwosesis aplikasyon an ap varye. Si ou
echwe tès Angle oswa sivik la, ou pral resevwa yon avi re-entèvyou
nan lespas 2-3 mwa apre premye entèvyou a an*

KI SA KI ESTATI A NAN KA SITWAYÈNTE MWEN AN?

Lè ou resevwa yon resi oswa frè avi apwobasyon egzansyon nan lapòs la, ou ka kòmanse tcheke estati a nan ka sitwayènntè ou so entènèt. Sa a pral premye moso lèt ou pral resevwa nan lapòs nan men USCIS, jiska yon mwa apre ou te bay aplikasyon ou la. Asire ke ou konsève moso lèt sa pou sa kontinye tcheke estati ka w la. *Tanpri kenbe nan tèt ou ke li se yon bagay nòmal pou tan plizyè mwa ant randevou.*

Enstriksyon pou tcheke estati ka w la nan telefòn:


1. Rele 1-800-375-5283
2. Pouse 1 pou kontinye nan lang Anglè; **Press 2 for Spanish**
3. Pouse 1 pou sèvis imigrasyon
4. Pouse 1 pou tcheke estati yon aplikasyon
5. Pouse 1 si ou konnen nimewo resi ou
6. Antre nimewo ka w ki gen 13 karaktè (anjeneral li kòmanse ak NBC*)
7. Pouse 1 pou konfime nimewo a out e antre nan
8. Koute estati aktyèl la nan ka w la.

Enstriksyon pou tcheke estati ka w la so entènèt:


1. Gade resi ou oswa frè avi apwobasyon egzansyon ou. Nan kwen an gòch anwo, pral gen yon “Nimewo Aplikasyon” oswa “Nimewo Resi.” Li anjeneral kòmanse ak “NBC” oswa “IOE.” Se nimewo sa ou pral sèvi pou gade estati ka w la sou entènèt.
2. Ale nan www.uscis.gov epi klike sou “Tcheke Dènye Nouvèl Ka Ou” nan direksyon mitan paj la. Wè imaj ki anba a (maké).



3. Sa pral mennen ou nan yon paj nouvo kote ou pral antre nimewo aplikasyon w la owsa nimewo resi nan bwat la.



4. Lò ou fin klike sou “tcheke estati,” ou pral mennen li bay yon paj ki pral di w estati ka sitwayènte ou.



Remak: Sa a PA ofri ou ak dat egzat ak lè randevou a (yo). Li sèlman di ou si ou gen randevou ki fèt ak si yon avi te voye nan lapòs la. Tout dat ak lè randevou yo pral voye pa lapòs. Tanpri asire w ke w tcheke bwat lapos ou regilyèman. Estati a sou entènèt la pa toujou mete ajou sou yon baz regilye epi li ka pa avèk presizyon ki ap reprezante estati ka-a.



Kisa pou ou pote nan entèvyou natiralizasyon USCIS ou an:

1. Avi entèvyou ou ki soti nan USCIS
2. Kat rezidans ou
3. Paspò ou oswa nenpòt lòt foto idantifikasyon gouvènman

Ou ka bezwen pote plis dokiman tou. Si ou...

- Marye oswa divòse depi ou te resevwa kat rezidans ou an → Pote tout sètifika maryaj ou ak sètifika divòs ou
- Sou yon plan peman taks → pote prèv ou peye saw te dwe an oswa ou te fè 3 peman resan
- Te fe yon vwayaj ki dire plis pase 6 mwa deyò Etazini nan 5 dènye ane yo → pote prèv ou kenbe rezidans ou pandan vwayaj la (yo)
- Te site ou oswa te baw yon kontravansyon ki gen rapò ak sikilasyon → Pote yon kopi dosye ou kòm chofe
- te akize de nenpòt krim nan tribinal → Pote yon kopi sètifye sou estati ka paw la oswa desizyon final tribinal la (yo)



Pwosè Sitwayente: Kesyon yo poze souvan

Sa ki si...

...Mwen bezwen pran yon lòt dat randevou mwen an?

Ou dwe voye avi a ak yon lèt ak rezon ki fè la pou pran yon lòt randevou. Adrès USCIS ak numewo sèvis kliyan ou sou avi ou nan.

...Mwen manke randevou mwen an?

Tanpri al gade enstriksyon pi wo a. Ou ka rele sèvis kliyan USCIS nan 1-800-375-5283 pou sa eksplike poukisa ou pa te kapab fè randevou w la, epi mande pran yon lòt randevou. Ou dwe gen nimewo resi ou a (li kòmanse ak NBC* oswa IOE) ki disponib lè ou rele. Tanpri note ke si ou pa kontakte USCIS pandan 30 jou apre randevou ou te manke an, yo pral fèmen aplikasyon nan.

...Mwen bezwen vwayaje?

Mande yon moun pou tcheke lapòs ou pandan ou pa la pou sa okouran de nenpòt avi ke rive. Si ou pral vwayaje pandan randevou ou ak USCIS, ou dwe mande pran yon lot randevou jis avan tan li. Swiv enstriksyon yo ki sou avi a.

...Egzansyon frè mwen rejte?

Ou ka toujou kalifye pou yon egzansyon frè!

Si egzansyon frè ou rejte, yo pral retounen tout aplikasyon ou nan pa lapòs. Ou ka bezwen remèt yon nouvo lèt benefis, yon kopi taks ou, oswa lòt dokiman. Si ou resevwa egzansyon rejte frè ou, tanpri rele Pwojè Sitwayènte.



Pwosè Sitwayente: Kesyon yo poze souvan

Sa ki si...

...Mwen deplase?

Tanpri, kite Pwojè Sitwayènte konnen chanjman adrès ou. Si ou demenaje anvan seremoni sèman ou, ou dwe chanje adrès ou ak USCIS! Ou dwe ranpli tou de etap pi ba a:

1. Voye pa lapòs Fòm AR-11, OSWA ranpli Chanjman Nan Adrès ou sou Entènèt (disponib nan www.uscis.gov/ar-11).
2. Chanje adrès ou sou nenpòt aplikasyon ki annatant lè ou rele 1-800-375-5283. Pare nimewo resi ou (li kòmanse ak NBC* or IOE).

...Mwen pa ap resevwa nenpòt lapòs?

Premyèman, rele Pwojè Sitawayènte pou konnen si nou resevwa nenpòt avi pou ou. Tanpri tcheke adrès ou ki sou kopi aplikasyon ou nan pou wè si li te renpli kòrèkteman. Si ou remake yon chanjman nan adrès la, (gade anwo a) enfome Pwojè Sitawayènte.

...Kat vèt mwen ekspire?

Si kat rezidan pemanan ou (kat vèt) ekspire, ou ka toujou fè aplikasyon, oswa gen nan pwosè pou k ap aplike, pou sitwayènte. Ou pa ka vwayaje ak yon kat vèt ekspire. Si ou bezwen yon kat ki valab pou vwayaje oswa travay anvan ou natiralize, ou bezwen renouvle kat vèt ou.

...Zanmi mwen oswa fanmi mwen vle aplike?

Pwojè Sitwayènte resevwa zanmi oswa fanmi kòm kliyan nou. Tanpri ba yo nimewo nou epi fè yo rele nou dirèkteman pou nou ka detèmine kalifikasyon yo pou sitwayènte.



Sitwayènte pou pitit ou

Si ou gen timoun ki poko gen laj 18 an, yo ka vin Sitwayen U.S. lè ou vin yon sitwayen Ameriken ou mem.

Pou vin yon sitwayen Ameriken, pitit ou dwe:

- Poko gen 18 an
- Rezidan pèmanan (moun ki gen kat vèt)
- Ap viv avèk ou kounye a

Si tout bagay sa yo se verite, Pwojè Sitwayènte ka ede w aplike pou yon Sètifika Sitwayènte pou pitit ou yo, depi apre ou vin yon sitwayen Ameriken.

Ou pral bezwen:

- Kat vèt pitit ou a
- Batistè pitit ou a
- Prèv Sitwayènte Etazini ou
- Batistè ou
- Prèv ke pitit ou avec ou legalman
- \$ 1,170 (sèl si ou kalifye pou yon egzansyon frè)

Kan ou fin gen TOUT dokiman yo mande, kontakte Pwojè Sitwayènte nan (617) 694-5949 pou ou mete kanpe yon randevou.